

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015 anu aya dina bab IV, bisa dicindekkeun sababaraha hal ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *word square* kawilang can mampuh, rata-rata peunteunna nya éta 63,24 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa can mampuh dina nuliskeun aksara swara, aksara ngalagena, jeung cara ngalarapkeun rarangkén luhur, rarangkén handap, jeung rarangkén sajarah.
- 2) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015 sabada ngagunakeun modél pangajaran *word square* kawilang mampuh. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata peunteun *post-test* siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *word square* nya éta 82,52 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa mampuh dina nuliskeun aksara swara, aksara ngalagena, jeung cara ngalarapkeun rarangkén luhur, rarangkén handap, jeung rarangkén sajarah. Dumasar kana hasil kamampuh awal jeung kamampuh ahir, yén kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015 ngaronjat tina can mampuh (63,24) jadi mampuh (82,52).
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *word square*. Jadi, modél pangajaran *word square* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda

siswa kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015.

## 5.2 Implikasi

Modél pangajaran *word square* dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa. Dilarapkeunana ieu modél meunang dukungan jeung aprésiasi anu hadé boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara positif dina pangajaran di sakola ku sabab prak-prakan dina ngalarapkeun modél *word square* kawilang leuwih ngirut jeung matak pikaresepeun. Ayana modél soal *teka-teki silang* (tatarucingan) jadi salah sahiji alesan pikeun siswa numuwuhkeun kaparigelanana dina pangajaran nulis aksara Sunda. Ieu modél téh ngadumaniskeun kamampuh mikir jeung nulis anu dibarengan ku suasana diajar nu matak pikaresepeun, nya éta “diajar bari ulin”, anu pasti siswa bakal leuwih gampang dina maham matéri, henteu matak bosen, ogé nimbulkeun karep anu hadé nalika ngeusian tés.

## 5.3 Rekomendasi

Sabada dilaksanakeunana panalungtikan modél pangajaran *word square* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMA Negeri 1 Nanggung Kabupaten Bogor taun ajaran 2014/2015, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *word square* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda. Ku sabab kitu, ieu modél téh bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran di kelas;
- 2) Guru kudu leuwih taliti dina nangtukeun instrumén soal pikeun tés ka siswa, hartina guru kudu taliti dina milih kecap-kecap anu bakal dijieun dina wangun *word square*;

- 3) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega;
- 4) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang modél pangajaran *word square*;
- 5) Ayakeun modél-modél pangajaran séjénna nalika di kelas, hususna pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa di SMA.